

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métođe Panalungtikan

Surakhmad, 1998: 131 nétélakeun yén metode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan, misalna pikeun nguji hipotesa, kalawan maké téhnik jeung alat-alat nu tangtu. Istilah metode asal kecap tina basa latén *méthods* ('meta' = nuju; ngaliwatan; nuturkeun; sanggeus, 'hodos' = jalan; cara; arah) ngabogaan harti tarékah, strategi, atawa siasat pikeun maham réalitas dumasar kana léngkah-léngkah nu sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sebab akibat (kausalitas). Métođe nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métođe déskriptif.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi, jeung téhnik ngolah data atawa analisis.

1) Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun atawa maluruh data-data anu digunakeun dina panalungtikan tina dokuméntasi nu dijadikeun sumber data.

2) Téhnik Analisis Téks

Téhnik analisis digunakeun pikeun néang jeung ngaanalisis sakabéh data anu aya dina hasil tarjamahan tina situs loka tarjamah otomatis tarjamah.sabilulungan.org, nepi ka ngahasilkeun data anu luyu jeung anu dipiharep.

3.3 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta situs loka tarjamah otomatis <http://tarjamah.sabilulungan.org//> .

3.4 Instrumén Panalungtikan

Numutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (1999, edisi ka-2), Instrumén nya éta 1) alat nu dipaké pikeun migawé hiji hal/pakakas, 2) Média panalungtikan keur ngumpulkeun data jeung keur bahan olaheun.

Instrumén anu bisa dipaké dina panalungtikan aya sababaraha jenis, di antarana waé sakumaha anu disebutkeun ku Arikunto, 1.) *Tes*, 2.) *Angket*, 3.) *Interviu (Interview)*, 4.) *Observasi*, 5.) *Skala Bertingkat (Rating)* jeung 6.) *Dokumentasi* (2003: 126-135).

Pikeun leuwih sistematis sarta ngagampangkeun dina ngumpulkeun jeung ngolah data, dina ieu panalungtikan digunakeun instrumén dokuméntasi. Instrumén dokuméntasi dina ieu panalungtikan nya éta slip data anu ngarojong kana panalungtikan. Éta slip data ngawengku: 1) nomor data, 2) kalimah dina basa sumber (basa Indonésia), 3) kalimah tarjamahan dina basa sasaran, 4) Bener henteuna kalimah jeung tipeu kasalahan, 4) basa nu merenah.

3.4.1. Instrumén pikeun Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun korpus data saperti conto di handap.

(33) E3/P2/K6
B1: Saya terima telepon pake handphone temen saya.
B2: Kuring tarima telepon paké handphone temen kuring.
Tipe kasalahan:
- kecap rarangkén N-
- kecap nu euweuh dina kamus
Basa nu merenah: Kuring narima telepon make *handphone*
babaturan kuring.

Katerangan:

- (33) = Nuduhkeun Nomor data 33
E3/P2/K6 = Nuduhkeun Essey ka-3, Paragraf ka-2, kalimah ka-6
B1 = Nuduhkeun kalimah dina basa sumber (Basa Indonésia)
B2 = Nuduhkeun kalimah hasil tarjamahan dina basa sasaran (basa Sunda)

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data saperti ieu di handap:

- 1) milih 7 (tujuh) sampel essey tina situs média nu baris ditarjamahkeun dina situs loka tarjamah otomatis tarjamah.sabilulungan.org,
- 2) narjamahkeun essey nu geus dipilih dina situs loka tarjamah otomatis tarjamah.sabilulungan.org,
- 3) ngumpulkeun data hasil tarjamahan, jeung
- 4) nganalisis kasalahan basa tina hasil tajamahan.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Léngkah garapan ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis kasalahan basa (*error analysis*), ngawengku:

- a. ngaidéntifikasi kasalahan,
- b. ngajéntrékeun kasalahan,
- c. ngelompokeun kasalahan,
- d. ngaévaluasi kasalahan (Tarigan, 1990:88).

Dina prak-prakanana panalungtikan, léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data nya éta:

- 1) kalimah hasil tarjamahan tina <http://tarjamah.sabilulungan.org/> dikodeuan,
- 2) kalimah-kalimah anu salah dianalisis,
- 3) sanggeus dianalisis,, terus dikelompokeun dumasar kasalahanna.

